

Aplikasyon règleman yo (kontinyasyon)

Lwa sou Responsabilite Komèsan Montan Kontravansyon

Montan kontravansyon an ap varye toudepannde sou-seksyon yo vyole a.

- ✓ Kontravansyon pou dezyèm ofans ap ledoub de premye ofans lan.
- ✓ Kontravansyon pou ofans annapre yo pral ledoub de dezyèm ofans lan jiska \$1,010.00

Yo pral bay kontravansyon yo imedyatman apre yon mèt pwopriyete resevwa yon Avètisman Koutwazi preyalab.

Si yo pa korige vyolasyon Chapit 19 yo, nan limit peryòd konfòmite yo espesifye nan kontravansyon an, Konte Miami-Dade pral fè rektifikasyon ki nesèsè yo men depans yo ap sou kont mèt pwopriyete a.

Penalite yo akimile lèfini yo ka plase yon dwa retansyon sou pwopriyete a, si yo pa peye amann yo, frè aplikasyon règleman yo, ak frè administratif yo e/oswa si yo pa rektifye vyolasyon an.

Yo ka akòde tan adisyonèl pou konfòme a règleman an nan Avètisman Koutwazi yo. Tanpri Kontakte biwo Règleman Katye a (Neighborhood Regulations) pou mande pou yon ekstansyon.

Depatman Resous Ekonomik ak Règlemantè Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmite anplas pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominote a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou antreten pwopriyete ki pa rezidansyèl yo...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan www.miamidade.gov/building

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan 311@miamidade.gov.

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priorite sou Kòd Odonans Konte Miami-Dade la.

GRAFITI: Si yo vandalize pwopriyete w la avèk grafiti, rele Depatman Lapolis Miami-Dade la nan nimewo pou ka ki pa ijan yo ki se (305) 4•POLICE (476-5423) pou rapòte ensidan an.



Carlos A. Gimenez, Majistra

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;
José "Pepe" Díaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvin, Grefye Tribinal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan anplwa ak nan sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.

"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòme l a tout ekzijans Lwa ki konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."

355-1415-158

DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete
Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enköpore



Antreten Pwopriyete Non Rezidansyèl



NEIGHBORHOOD REGULATIONS
11805 SW 26th Street, Suite 230
Miami, FL 33175-2464

Lendi - Vandredi
7:30 am – 4:00 pm
Esepte jou fèt



Antretyen Pwopriyete

Se responsabilite pwopriyete kèlkeswa teren ki nan yon distrik zòn non-rezidansyèl (BU, JU oswa AU) pou li fè antretyen regilyèman sou pwopriyete l la, pou anpeche:

- ✓ Gazon, move zèb oswa raje pouse oswa akimile, e ki depase yon wotè 18 pous ap atide atè a sou pliske 50% zòn pou antretni a.
- ✓ Akimilasyon dechè, tchanpan, fatra, dechè solid, oswa pwopriyete yo abandone sou nenpòt teren.

Antretyen dwad-pasaj (rigòl)

Mèt pwopriyete ki posede pwopriyete ki kole ak yon dwad-pasaj Konte a, responsab pou l antretni zòn fose ki kole ak pwopriyete yo a. Men kisa ki pou fèt kòm antretyen:

- ✓ Kenbe gazon oswa lòt vejetasyon ansante epi epè ase pou pèmèt filtrasyon pandan tè ki anba yo a pwoteje kont ewozyon.
- ✓ Ranplase vejetasyon kote tè a ekspoze.
- ✓ Mentni elevasyon adekwa nan fose a.

Lwa ki konsène responsabilite komèsan

Depi sa apwopriye, mèt pwopriyete non-rezidansyèl yo fèt pou yo kenbe pwopriyete yo, jan nou endike l pi ba a:

- ✓ Fòk yo kenbe zòn estasyonman ak zòn ki asfalte yo byen klere e fòk yo pa gen okenn deteryorasyon, twou, arè estasyonman ki domaje, tras sou wout la ki manke oswa ki pa apwopriye, ki enkli espas estasyonman pou andikape ak vwa daksè. Depi gen reparasyon ki nesèsè se pou obteni pèmi pou rektifye sitiyasyon an.
- ✓ Fòk yo kenbe tout pankat enfòmasyon ak direksyon yo nan kondisyon san danje ak byen vizib, e yo pa fèt pou yo gen okenn grafiti.
- ✓ Fòk yo enstale epi antretni tout estann bisiklèt, tout poubèl ak tout siyalizasyon aplikab ki obligatwa yo.
- ✓ Fòk tout pasaj eksteryè ak zòn estasyonman yo pa gen anyen ki bloke yo, sètadi fòk yo pa gen tab ak chèz, machandiz magazen, ak/oswa etalaj, ak anpil lòt bagay toujou.
- ✓ Se pa pou yo afiche siy lavant sou machin ki pou vann yo, amwenske pwopriyete a gen otorizasyon pou yo itilize l pou sa.
- ✓ Fòk yo pa itilize machin yo inikman kòm mwayen pou fè piblisite nan zòn estasyonman an oswa bò kote dwad-pasaj yo.
- ✓ Fòk yo enstale epi antretni tout estann bisiklèt, tout poubèl ak tout siyalizasyon ap likab ki obligatwa yo.

- ✓ Fòk tout sifas, mi ak kloti bilding yo pa gen okenn penti kap dekalè ni okenn grafiti.

Aplikasyon règleman yo

Lè yon moun vyole Chapit 19 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la, sa ap lakòz yo bay moun sa a yon Avètisman Koutwazi. Lè sa aplikab, yap bay ni lokatè a ni pwopriyete a avi ki gen rapò avèk aplikasyon règleman yo; sepandan, se pwopriyete a ki se moun ki gen responsabilite final pou l konfòme l a règleman yo.

Aprè moun nan fin resevwa Avètisman Koutwazi a, si malgres li pa konfòme l a règleman yo, sa pral lakòz yo bay pwopriyete a ak lokatè a, yon kontra-vansyon, selon Chapit 8CC nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.

Antretyen Pwopriyete Montan Kontravansyon		
Premye Ofans	Dezyèm Ofans	Ofans Annapre Yo
\$260	\$510	\$1,010

Al gade nan Chapit 19 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade